# «Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ referendumi’ haqqi’nda» Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ Ni’zami’

**I-bap. Uli’wma rejeler**

**1-statya.** Referendum tu’sinigi.
Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ referendumi’ – ma’mleketlik ha’m ja’miyetlik turmi’sti’n’ anag’urli’m a’hmiyetli ma’seleleri boyi’nsha, soni’n’ ishinde Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ ni’zamlari’n ha’m basqa da sheshimlerin qabi’l etiw, olardi’ o’zgertiw, ja’miyetlik pikirdi ani’qlaw maqsetinde g’alaba xali’qli’q dawi’s beriw, xali’q ha’kimiyati’n tikkeley a’melge asi’ri’w qurali’ boli’p tabi’ladi’.

Referendum qabi’l etilgen sheshimler Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ aymag’i’nda joqari’ yuridikali’q ku’shke iye boladi’ ha’m tek referendum joli’ menen biykarlani’w yamasa o’zgertiliwi mu’mkin.

**2-statya.** Puqaralardi’n’ referendumg’a qatnasi’w huqi’qi’.
Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ a’h jasqa shi’qqan puqaralari’ referendumg’a qatnasi’w huqi’qi’na iye boladi’. Sud ta’repinen qatnasi’qqa uqi’psi’z dep tabi’lg’an ruwxi’y kesel puqaralar, sonday-aq sudti’n’ hu’kimi boyi’nsha erkinen ayi’ri’w ori’nlari’nda saqlani’p ati’rg’an adamlar referendumg’a qatnaspaydi’.

Shi’g’i’si’na, socialli’q ha’s mu’liklik awhali’na, rasasi’na ha’m milletine, ji’ni’si’na, bilimine, tiline, dinge qatnasi’na, siyasiy ha’m basqa da ko’z-qaraslari’na, sol ori’nda jasaw waqti’na, jumi’si’ni’n’ tu’rine ha’m si’pati’na qaray bo’lsheklep referendumg’a qatnasi’w boyi’nsha puqaralardi’n’ huqi’qlari’n tikkeley yamasa qosi’msha qanday da sheklewlerge ti’yi’m sali’nadi’.

**3-statya.** Referendumdi’ o’tkeriw principleri.
Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ puqaralari’ referendumg’a i’qti’yarli’ tu’rde ha’m tikkeley qatnasadi’.
Referendumda dawi’s beriw jasi’ri’n tu’rde a’melge asi’ri’ladi’, puqaralardan erk bildiriwin qadag’alawg’a jol qoyi’lmaydi’.
Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ puqaralari’ ten’dey tiykarlarda referendumg’a qatnasadi’. Ha’r bir puqarani’n’ o’zi dawi’s beredi ha’m bir dawi’sqa iye boladi’.
Referendumg’a tayarli’q ko’riwdin’ ha’m oni’ o’tkeriwdin’ bari’si’nda ken’ ja’riyali’li’q, ja’miyetshiliktin’ qatnasi’wi’ ta’miyinlenedi.

**4-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ referendum haqqi’nda ni’zamlari’.
Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ referendumi’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Konstituciyasi’ni’n’, usi’ Ni’zamni’n’, Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ Joqarg’i’ Ken’esine saylaw haqqi’nda ni’zamlardi’n’ talaplari’na muwapi’q o’tkeriledi ha’m Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ usi’ ni’zamg’a qayshi’ kelmeytug’i’n basqa da ni’zam aktleri menen retlestiriledi.

**5-statya.** Referendumg’a qoyi’lmaytug’i’n ma’seleler.
Respublikani’n’ aymaqli’q pu’tinligin o’zgertiw haqqi’nda, sali’qlar, byudjet haqqi’nda, amnistiya, keshirim beriw, ja’miyetlik ta’rtipti, xali’qti’n’ den sawli’g’i’ ha’m qa’wipsizligin ta’miyinlew boi’nsha ayi’ri’qsha ha’m qi’stawli’ ilajlar haqqi’nda, Wo’zbekstan Respublikasi’ du’zgen xali’q arali’q sha’rtnamalardan kelip shi’g’atug’i’n minnetlemelerdi ori’nlaw haqqi’ndag’i’ ma’seleler, sonday-aq lawazi’mli’ adamlardi’ tayi’nlaw ha’m bosati’wg’a baylani’sli’ ma’seleler Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ referendumi’na qoyi’li’wi’ mu’mkin emes.

**6-statya.** Referendumdi’ belgilew huqi’qi’.
Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ referendumi’n o’tkeriw tuwrali’ qarar qabi’l etiw huqi’qi’na tek Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ Joqarg’i’ Ken’esi iye.

**7-statya.** Referendumg’a tayarli’q ha’m oni’ o’tkeriw jumi’slari’ndag’i’ ja’riyali’li’q.
Ni’zam menen belgilengen ta’rtipte dizimge ali’ng’an siyasiy partiyalar, ka’siplik awqamlar, g’alaba ha’reketler, referendumdi’ sho’lkemlestiriwge ha’m o’tkeriwge qatnasi’p ati’rg’an ma’mleketlik ha’m ja’miyetlik uyi’mlar, o’zlerinin’ jumi’si’n ashi’q tu’rde ha’m ja’riyali’li’q penen a’melge asi’radi’.
Siyasiy partiyalarg’a, ka’siplik awqamlarg’a, basqa da ja’miyetlik birlespelerge, g’alaba ha’reketlerge, miynet ja’ma’a’tlerine ha’m puqaralarg’a referendumg’a usi’ni’latug’i’n ma’seleni jaqlap yamasa og’an qarsi’ irkinishsiz u’git-na’siyat jumi’si’n ju’rgiziw huqi’qi’na kepillik beriledi.
Dawi’s beretug’i’n ku’ni u’git-na’siyat jumi’slari’ qadag’an etiledi.
Referendumg’a baylani’sli’ barli’q ma’seleler, sonday-aq referendumg’a usi’ni’latug’i’n ni’zamlardi’n’ yamasa basqa da qarardi’n’ joybarlari’ tiyisli uyi’mlar qabi’l etken waqi’ttan baslap jeti ku’n ishinde g’alaba xabar qurallari’nda ja’riyalani’wi’ tiyis.
G’alaba xabar qurallari’ referendumg’a tayarli’q ko’riwdin’ ha’m oni’ o’tkeriwdin’ bari’si’n sa’wlelendirip baradi’, olardi’n’ wa’killerine referendumg’a baylani’sli’ barli’q ji’ynali’slarg’a ha’m ma’jilislerge irkinishsiz kiriw ha’m tiyisli ma’limleme ali’w mu’mkinshiligine kepillik beredi.
Referendumni’n’ komissiyalari’ o’zinin’ qurami’, turatug’i’n orni’ ha’m jumi’s waqti’, dawi’s beriw ushi’n uchastkalardi’n’ dizimleri haqqi’nda o’z waqti’nda xali’qqa ma’lim etedi.
Refrendumni’n’ komissiyalari’ni’n’ ma’jilislerine, sonday-aq dawi’s beriw waqti’nda ja’ne dawi’slardi’ esaplaw waqti’nda dawi’s beriw uchastkalari’nda referendumni’n’ na’tiyjelerin ani’qlaw payi’ti’nda siyasiy ha’m basqa da ja’miyetlik sho’lkemlerdin’ ja’ne g’alaba ha’reketlerdin’, miynet ja’ma’a’tlerinin’, puqaralar ji’ynali’slari’ni’n’, g’alaba xabar qurallari’ni’n’ wa’killeri qatnasi’wg’a haqi’li’. Komissiyalardi’n’ ma’jilisine yamas dawi’s beriw ushi’n uchastkalarg’a qatnasi’wshi’ adamlar o’zlerin jibergen sho’lkemlerdin’ ji’ynali’s protokoli’nan tasti’yi’qlang’an ko’shirmege yamasa olardi’n’ wa’killigin tasti’yi’qlaytug’i’n basqa da hu’jjetke iye boli’wi’ tiyis. Ko’rsetilgen wa’killerdin’ qatnasatug’i’ni’ tuwrali’ referendumni’n’ komissiyalari’na aldi’n-ala xabarlaw talap etilmeydi. Referendum komissiyalari’ni’n’ jumi’si’na aralasi’wi’na jol qoyi’lmaydi’.

**8-statya.** Referendumdi’ materialli’q jaqtan ta’miyinlew.
Referendumg’a tayarli’q ko’riwge ha’m oni’ o’tkeriwge baylani’sli’ shi’g’i’nlar Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ ma’mleketlik qarji’lari’ni’n’ esabi’nan jumsaladi’.
Ma’mleketlik uyi’mlar, ka’rxanalar, ma’kemeler, sho’lkemler ha’m olardi’n’ birlespeleri referendum komissiyalari’ni’n’ i’qti’yari’na za’ru’rli jaylar

ha’m u’skenelerdi biypul beredi. Referendum komissiyalari’ni’n’ jumi’si’ ushi’n ma’mleketlik emes ka’rxanalardi’n’ ha’m sho’lkemlerdin’ jaylari’ menen u’skenelerin ijarag’a alg’ani’ ushi’n haqi’ respublikali’q byudjettin’ qarji’lari’ esabi’nan to’lenedi.

**9-statya.** Referoendum haqqi’nda ni’zamlardi’ buzg’ani’ ushi’n juwapkershilik.
Qaraqalpaqstan Respublikasi’ puqaralari’ni’n’ referendumda qatnasi’w, u’git-na’siyat jumi’slari’n ju’rgiziw boyi’nsha huqi’qlari’n erkin tu’rde a’melge asi’ri’wg’a zorli’q penen, aldaw, abay etiw yamasa basqasha tu’rde tosqi’nshi’li’q jasawshi’ adamlar, sonday-aq referendumni’n’ hu’jjetlerin jalg’an tu’rde ra’smiylestirgeni, jasi’ri’n dawi’s beriw principin buzg’ani’ yamasa usi’ ni’zamdi’ basqasha tu’rde buzi’wg’a jol qoyg’ani’ ushi’n referendum komissiyalari’ni’n’ ag’zalari’, ma’mleketlik ha’m ja’miyetlik uyi’mlardi’n’ lawazi’mli’ adamlari’, siyasiy partiyalardi’n’ ha’m ha’reketlerdin’ wa’killeri, intali’ topardi’n’ ag’zalari’, qol qoyi’wlardi’ ji’ynawshi’ adamlar ni’zam ha’m belgilengen ta’rtipte juwapkershilikke tarti’ladi’. Referendum komissiyalari’ni’n’ ag’zalari’na aqi’retlewshi mu’na’siybetinde bolg’an adamlar da juwapkershilikke tarti’ladi’.
II–bap. Referendumg’a tayarli’q ko’riw ha’m oni’ o’tkeriw

**10-statya.** Referendum o’tkeriw intasi’.
Qaraqalpaqstan Respublikasi’ referendumi’n o’tkeriw intasi’ menen:
Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ puqaralari’:
Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ Joqarg’i’ Ken’esi;
Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esi Basli’g’i’ shi’g’i’wi’ mu’mkin.

**11-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi’ puqaralari’ni’n’ referendum o’tkeriwdi talap etiw huqi’qlari’n a’melge asi’ri’wlari’.
Referendum tuwrali’ talapqa referendumg’a qatnasi’w huqi’qi’na iye bolg’an keminde bir ju’z eliw mi’n’ puqarani’n’ qoli’ qoyi’lg’an jag’dayda Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ puqaralari’ referendum o’tkeriw huqi’qi’n a’melge asi’radi’. Yeger puqaralardi’n’ qollari’ usi’ ni’zamdi’ buzbay qoyi’lg’an bolsa, Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ Joqarg’i’ Ken’esi referendumdi’ belgilew haqqi’nda qarar qabi’l etiwge minnetli.
Referendum o’tkeriw tuwrali’ talapqa qol qoyi’wlardi’ ji’ynaw intasi’n ko’teriw huqi’qi’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ referendumg’a qatnasi’w huqi’qi’na iye bolg’an ha’r bir puqarasi’na yamasa puqaralardi’n’ topari’na tiyisli boladi’. Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ puqaralari’ qol qoyi’wlardi’ toplaw huqi’qi’n i’qti’yarli’ tu’rde ha’m o’z betinshe a’melge asi’radi’.
Usi’ ni’zamni’n’ talaplari’na muwapi’q Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ puqaralari’nan du’ziletug’i’n referendumni’n’ intali’ toparlari’ qol qoyi’wlardi’ ji’ynawdi’ sho’lkemlestiredi ha’m a’melge asi’radi’.

**12-statya.** Referendumni’n’ intali’ topari’n du’ziw ha’m oni’ dizimge ali’w.
Referendum o’tkeriw za’ru’rligi haqqi’nda ma’seleni sheshiw maqsetinde puqaralardi’n’ intasi’ boyi’nsha puqaralardi’n’ ji’ynali’slari’ o’tkeriledi. Ji’ynali’s o’tkeriw ushi’n inta ko’tergen adamlar 10 ku’nnen keshikpey ji’ynali’s o’tkeretug’i’n ori’n ha’m waqi’t tuwrali’ xali’q deputatlari’ni’n’ tiyisli Ken’esin yamasa ha’kimdi xabarlandi’ri’wi’ lazi’m.
Yeger ji’ynali’sqa referendumg’a qatnasi’w huqi’qi’na iye bolg’an Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ keminde 300 puqarasi’ qatnassa, ji’ynali’s toli’q huqi’qli’ boladi’.
Ji’ynali’sti’n’ aldi’nda og’an qatnasi’wshi’lar dizimge ali’nadi’, Ji’ynali’s o’zinin’ prezidiumi’n saylaydi’, referendum o’tkeriw za’ru’rligin yamasa za’ru’r emesligin, sonday-aq referendumg’a usi’ni’latug’i’n qarar joybari’ni’n’ tekstin dodalaydi’.
Referendum o’tkeriw ha’m referendumg’a usi’ni’latug’i’n teksti tasti’yi’qlaw za’ru’rligi tuwrali’ sheshim qabi’l etilgen jag’dayda ji’ynali’s ashi’q yamasa jasi’ri’n dawi’s beriw menen keminde 10 adam qurami’nda referendumni’n’ intali’ topari’n saylaydi’ ha’m og’an qol qoyi’wlardi’ ji’ynaw ilajlari’n sho’lkemlestiriwdi tapsi’radi’.
Ji’ynali’s protokoli’ ha’m oni’n’ qatnasi’wshi’lari’ dizimge ali’ng’anli’g’i’ haqqi’nda mag’li’wmatlar ha’m intali’ topardi’n’ dizimi dizimge ali’ni’wi’ ushi’n puqaralardi’n’ ji’ynali’si’ o’tkerilgen aymaqtag’i’ xali’q deputatlari’ rayonli’q yamasa qalali’q Ken’esine yamasa oni’n’ ha’kimine tapsi’ri’ladi’, Ken’es yamasa ha’kim protokol ali’ng’an waqi’ttan baslap bir ha’ptelik mu’ddette intali’ topardi’ dizimge ali’w haqqi’nda yamasa usi’ Ni’zamni’n’ talaplari’ buzi’lg’an jag’dayda dizimge ali’wdan bas tarti’w haqqi’nda qarar shi’g’ari’wi’ tiyis. Dizimge ali’wdan bas tartqani’ tuwrali’ rayonli’q, qalali’q sudqa shag’i’m etiliwi mu’mkin, sud bes ku’nlik mu’ddet ishinde u’zil-kesil qarar shi’g’aradi’.
Topar dizimge ali’ng’anli’g’i’ haqqi’nda qarar qabi’l etilgennen son’ u’sh ku’n mu’ddet ishinde tiyisli ha’kim intali’ topardi’n’ wa’kiline dizimge ali’ng’anli’g’i’ haqqi’nda qarardi’n’ ko’shirmesin ha’m topardi’n’ ag’zalari’ni’n’ gu’wali’qlari’n beredi.
Ha’r bir referendum boyi’nsha du’ziletug’i’n intali’ toparlardi’n’ uli’wma sani’ sheklenbeydi. U’sh yamasa onnan aslam intali’ toparlardi’n’ sheshimi boyi’nsha referendumni’n’ baylani’sti’ri’wshi’ intali’ topari’n du’ziwge jol qoyi’ladi’.
Dizimge ali’ng’an intali’ toparlar tuwrali’ mag’li’wmatlar intali’ toparlar du’zilgen ori’nlarda ha’kimlikler ta’repinen Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ Basli’g’i’na tapsi’ri’ladi’.

**13-statya.** Referendumni’n’ intali’ toparlari’ni’n’ qol qoyi’wlardi’ ji’ynaw ta’rtibi ha’m mu’ddetleri.
Dizimge ali’ng’ani’ tuwrali’ sheshimnin’ ko’shirmesin alg’an waqi’ttan baslap referendumni’n’ intali’ topari’ referendum o’tkeriw haqqi’nda talap etip qol qoyi’w qag’azlari’na irkinishsiz tu’rde qol qoyi’wlardi’ ji’ynawdi’ sho’lkemlestiriw ha’m bul jumi’sti’ a’melge asi’ri’w huqi’qi’na iye.
Referendum haqqi’nda ma’sele boyi’nsha qol qoyi’wlardi’ ji’ynawdi’n’ uli’wma da’wiri usi’ referendum boyi’nsha birishi du’zilgen intali’ toparlardi’n’ birewinin’ dizimge ali’ng’ani’ tuwrali’ gu’wali’q berilgen ku’nnen baslap eki aydan aspawi’ tiyis.
Yeger usi’ mu’ddet ishinde puqaralardi’n’ za’ru’rli mug’dardag’i’ qol qoyi’wlari’ ji’ynalmasa, onda bunnan bi’lay qol qoyi’wlardi’ ji’ynaw toqtati’ladi’. Sol ma’sele boyi’nsha referendum o’tkeriwdi talap etip keminde bir ji’l o’tkennen keyin shi’g’i’wg’a ruxsat etiledi.

**14-statya.** Referendumni’n’ qol qoyi’w qag’azi’.
Referendum o’tkeriw talap etilgen Qaraqalpaqstan Respublikasi’ puqaralari’ni’n’ qol qoyi’wlari’n ji’ynaw ushi’n arnawli’ qag’azlarda referendumg’a usi’ni’latug’i’n ma’selelerdin’ ani’qlamasi’, yamasa usi’ni’li’p ati’rg’an ni’zamni’n’ joybari’ ma’nisinin’ yaki basqa da sheshimnin’ bayanlamasi’ boli’wi’ tiyis (bunda ni’zam joybari’ni’n’ yamasa basqa da sheshimnin’ toli’q teksti menen tani’si’w mu’mkinshiligi ta’miyinlengen jag’dayda). Referendumg’a usi’ni’latug’i’n ma’seleni intali’ topar bir ma’nili juwap bergendey etip ani’qlap jazadi’.
Referendum o’tkeriw haqqi’ndag’i’ talapti’ quwatlaytug’i’n puqara qol qoyi’w qag’azi’na qol qoyadi’, bunda o’zinin’ familiyasi’n, ismin, a’kesinin’ ati’n, tuwi’lg’an waqti’n, jasaytug’i’n orni’n, pasporti’ni’n’ yamasa oni’n’ orni’na ju’retug’i’n hu’jjettin’ nomerin ha’m seriyasi’n ja’ne qol qoyi’w waqti’n ko’rsetedi.
Qol qoyi’w qag’azlardi’n’ intali’ topardi’n’ basli’g’i’ ha’m ag’zalari’ni’n’ birewi tasti’yi’qlag’an boli’wi’ kerek.
Ha’r bir qol qoyi’w qag’azi’nda referendumni’n’ intali’ topari’ basli’g’i’ni’n’ ha’m oni’n’ ag’zalari’ni’n’ birewinin’ qoyg’an tasti’yi’qlawshi’ qollari’ menen bir qatarda tasti’yi’qlang’an qollardi’n’ uli’wma sani’ tuwrali’ jazi’w jazi’ladi’. Intali’ topar ag’zalari’ni’n’ tasti’yi’qlawshi’ qollari’ xali’q deputatlari’ tiyisli Ken’esinin’ yamasa usi’ intali’ topar dizimge ali’ng’an ori’ndag’i’ ha’kimliktin’ mo’ri menen tasti’yi’qlanadi’.

**15-statya.** Juwmaqlasti’ri’wshi’ protokol.
Qol qoyi’wlardi’ ji’ynaw tamamlang’annan keyin intali’ topar juwmaqlasti’ri’wshi’ protokol du’zedi, onda topardi’ dizimge ali’w sa’nesi, qol qoyi’wlardi’ ji’ynawdi’n’ tamamlani’w sa’nesi, ji’ynalg’an qol qoyi’wlardi’n’ sani’ ko’rsetiledi. Bul protokol tiyisli Ken’estin’ yamasa ha’kimliktin’ mo’ri menen tasti’yi’qlanadi’ ha’m referendum o’tkeriw talabi’ menen birge Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’es Basli’g’i’na jiberiledi, ol

za'ru'r bolg'an jag'dayda on ku'n mu'ddet ishinde ali'ng'an hu'jjetlerdi tekserip shi'g'i'wi' mu'mkin. Qol qoyi'w qag'azlari'nda bir puqarani'n' eki yamasa onnan da ko'birek ori'nlarda qol qoyg'anli'g'i' ani'qlansa, oni'n' bir de qoyg'an qoli' esapqa ali'nbaydi'.
Referendum o'tkeriw tuwrali' talapta referendumdi' o'tkeriw za'ru'rligi tiykarlang'an boli'p, referendumg'a usi'ni'li'p oti'rg'an ma'selelerdin' ani'qlamasi' ni'zam yamasa basqa da qarar joybari' ko'rsetiliwi tiyis.
Qol qoyi'w qag'azlari' intali' topardi' dizimga alg'an xali'q deputatlari' Ken'esine saqlaw ushi'n tapsi'ri'ladi'.
Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' Basli'g'i' intali' toparlardan ali'ng'an materiallardi' dizimge aladi', olarda ko'rsetilgen mag'li'wmatlardi' uli'wmalasti'radi' ha'm usi' ni'zamni'n' talaplari' saqlang'an jag'dayda Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' tiyisli komitetleri ha'm komissiyalari' shi'g'arg'an juwmaqti' esapqa ali'p referendumdi' belgilew haqqi'ndag'i' ma'seleni Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi sessiyasi'ni'n' ku'n ta'rtibine kirgizedi.

**16-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' referendumdi' o'tkiziwdi talap etiw huqi'qi'ni'n' a'melge asi'ri'wi'.
Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi referendum o'tkiziwdi talap etiw huqi'qi'n Joqarg'i' Ken'estin' komitetleri, deputatlar frakciyalari' ha'm bloklari', sonday-aq uli'wma deputatlardi'n' besten bir bo'leginen az bolmag'an deputatlar topari'ni'n' keminde birewinin' usi'ni'si' bolg'an jag'dayda oni' ko'rip shi'g'i'p, qoyi'lg'an ma'selelerdi referendumg'a ali'p shi'g'i'w arqali' a'melge asi'radi'.

**17-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi Basli'g'i'ni'n' referendum o'tkiziwdi talap etiw huqi'qi'n a'melge asi'ri'wi'.
Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' Basli'g'i' o'zinin' referendumdi' o'tkiziwi talap etiw huqi'qi'n tikkeley Joqarg'i' Ken'eske usi'ni's etiw arqali' a'melge asi'radi'.

**18-statya.** Referendum o'tkeriw tuwrali' talap boyi'nsha qarar qabi'l etiw.
Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi referendum o'tkeriw tuwrali' talap boyi'nsha to'mendegi qararlardi'n' birewin qabi'l etige haqi'li'
a) referendumdi' belgilew, oni' o'tkeriw ku'ni ha'm oni' ta'miyinlew ilajlari' haqqi'nda;
b) referendumni'n' intakerleri usi' ni'zamdi' buzg'an jag'dayda referendum belgilew tuwrali' talaplardi' biykarlaw haqqi'nda;
v) referendum o'tkeriw tuwrali' talaplarda usi'ni'lg'an ni'zamdi' yamasa basqa qarardi' qabi'l etip, bunnan keyin referendum o'tkermew haqqi'nda.
Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi usi'ni'lg'an materiallardi' qarap shi'g'adi' ha'm olar boyi'nsha tu'sken ku'nnen baslap bir ay ishinde qarar qabi'l etedi.
Qabi'l etilgen qarar u'sh ku'nlik mu'ddette g'alaba xabar qurallari'nda ja'riyalanadi'. Referendum belgilew tuwrali' qarar ja'riyalang'annan keyin on ku'nnen keshiktirilmey referendumg'a usi'ni'latug'i'n ni'zamni'n' yamasa basqa qarardi'n' joybari' ja'riyalanadi'.

**19-statya.** Referendum o'tkeriw mu'ddeti.
Referendum oni' o'tkeriw tuwrali' qarar qabi'l etilgen ku'nnen baslap bir aydan buri'n ha'm u'sh aydan keshigip o'tkeriliwi mu'mkin emes.
Bul mu'ddet tek Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi ta'repinen sozi'li'wi' yamasa o'zgertiliwi mu'mkin.
III–bap. Referendumdi' o'tkeriw ha'm oni'n' juwmaqlari'n shi'g'ari'w ta'rtibi

**20-statya.** Referendumdi' o'tkeriw boyi'nsha komissiya.
Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' referendumi'n tayarlaw ha'm o'tkeriw ushi'n:
a) referendumni'n' Worayli'q komissiyasi';
b) referendumni'n' okruglik komissiyalari';
v) referendumni'n' uchastkali'q komissiyalari' du'ziledi.
Referendumni'n' komissiyalari'ni'n' wa'killikleri olar du'zilgen waqi'ttan baslanadi' ha'm referendumni'n' na'tiyjeleri ja'riyalang'an waqi'ttan baslap bir ay mu'ddet o'tkennen keyin toqtati'ladi'.
Qaraqalpaqstan Respublikasi' referendumi'n o'tkeriwshi Worayli'q komissiyani'n' wa'killikleri Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esine saylaw o'tkeriwshi Worayli'q saylaw komissiyasi' ta'repinen a'melge asi'ri'ladi'.
Referendumni'n' okruglik ha'm uchastkali'q komissiyalari' Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esine saylaw boyi'nsha tiyisli saylaw komissiyalari'n du'ziw ushi'n belgilengen ta'rtipte du'ziledi. Wokruglik komissiyalar referendumdi' tayi'nldaw haqqi'nda qarar ja'riyalang'an ku'nnen baslap bir ha'pte ishinde du'ziliwi tiyis, al uchstkali'q komissiyalar u'sh ha'pte ishinde du'ziliwi tiyis.

**21-statya.** Referendum o'tkeriwshi komissiyalardi'n' wa'killikleri ha'm olardi'n' jumi'slari'n ta'miyinlew.
Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' referendum o'tkiziwshi Worayli'q komissiyasi' usi' Ni'zamni'n' ori'nlani'wi'n qadag'alawdi' a'melge asi'radi' ha'm oni'n' ha'mme jerde birdey boli'p qollani'li'wi'n ta'miyinleydi, za'ru'r bolg'an jag'dayda usi' Ni'zamni'n' rejelerine tu'sinik beriw haqqi'nda usi'ni's penen Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' Basli'g'i'na shi'g'adi', referendumdi' o'tkeriw boyi'nsha komissiyalardi'n' jumi'si'na bag'dar beredi, olardi'n' arasi'nda aqsha qarji'lari'n bo'listiredi, usi' ni'zamg'a qayshi' kelgen jag'dayda referendum komissiyalari'ni'n' qararlari'n biykarlaydi', g'alaba xali'qli'q dawi's beriwge qatnasi'w ushi'n byulletenlerdin' tu'rlerin ha'm puqaralardi'n' dizimlerin, basqa da hu'jjetlerdi belgileydi, okruglik ha'm uchstkali'q komissiyalardi'n' qararlari' is-ha'reketlerine baylani'sli' shag'i'mlardi' qarap shi'g'adi' ha'm olar boyi'nsha u'zil-kesil sheshim qabi'l etedi, referendumni'n' juwmaqlari'n shi'g'aradi', hu'jjetlerdin' saqlani'w ta'rtibin belgileydi, usi' Ni'zamg'a ha'm Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' basqa da wa'killikleri a'melge asi'radi'.
Referendum o'tkiziwshi okrug komissiyalari' uchastkali'q komissiyalardi'n' jumi'slari'n sho'lkemlestiredi, referendumda qatnasi'w huqi'qi'na iye bolg'an puqaralardi'n' diziminin' duri's du'ziliwin qadag'alaydi', okrugta dawi'slardi' esaplawdi'n' na'tiyjelerin ani'qlaydi', usi' Ni'zamni'n' saqlani'wi'n ta'miyinlew boyi'nsha basqa da wa'killiklerdi a'melge asi'radi'.
Referendum o'tkiziwshi uchastka komissiyalari' «Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esine saylaw haqqi'nda»g'i' Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Ni'zami'nda belgilengen ta'rtipte referendumda qatnasi'w huqi'qi'na iye bolg'an puqaralardi'n' dizimlerin du'zedi, usi'g'an baylani'sli' ma'selelerdi sheshedi, dawi's beriw haqqi'nda puqaralarg'a ma'lim etedi, dawi's beriw ushi'n jaylardi' tayarlawdi' ta'miyinleydi ha'm dawi's beriw ku'ninde barli'q uchstkalarda dawi's beriwdi sho'lkemlestiredi, referendum o'tkiziwshi okrug komissiyasi'na dawi's beriw na'tiyjelerin ma'lim etedi, usi' Ni'zamg'a muwapi'q basqa da wa'killiklerdi a'melge asi'radi'.
Referendum o'tkiziwshi komissiyalardi'n' jumi'si'n sho'lkem lestiriw «Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Joqarg'i' Ken'esine saylaw haqqi'nda»g'i' Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ni'zami'ni'n' talaplari'na muwapi'q iske asi'ri'ladi'.
Referendum komissiyalari'ni'n' wa'killikleri shen'berinde qabi'l etken qararlari' barli'q ma'mleketlik ha'm ja'miyetlik uyi'mlar, siyasiy partiyalar ha'm ha'reketler, ka'rxanalar, ma'kemeler ha'm sho'lkemler, lawazi'mli' adamlar ha'm puqaralar ta'repinen ori'nlani'wi' sha'rt.
Referendum o'tkiziwshi komissiyani'n' basli'g'i', basli'qti'n' ori'nbasari', sekretari' yamasa ag'zasi' referendumg'a tayarli'q ha'm oni' o'tkeriw da'wirinde komissiyani'n' qarari' boyi'nsha referendumdi' o'tkeriwge aji'rati'lg'an qarji'lardi'n' esabi'nan ortasha xi'zmet haqi'si'ni'n' saqlani'wi' ha'm o'ndirislik yamasa xi'zmet babi'ndag'i' minnetlerin ori'nlawdan azat etiliwi mu'mkin.
Ma'mleketlik ha'm ja'miyetlik uyi'mlar, ka'rxanalar, ma'kemeler, sho'lkemler, lawazi'mdag'i' adamlar referendum o'tkiziwshi komissiyalarg'a o'zlerinin' wa'killiklerin a'melge asi'ri'wi'nda olarg'a ja'rdem ko'rsetiwge, olardi'n' jumi's islewi ushi'n za'ru'r bolg'an jaylar menen u'skenelerdi, mag'li'wmatlar menen materiallardi' belgilengen ta'rtipte beriwge minnetli.

**22-statya.** Referendum o'tkiziletug'i'n okrugler ha'm uchastkalar.

Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' referendumi'n o'tkeriw boyi'nsha okrugler referendum o'tkiziwshi Worayli'q komissiyalar ta'repinen du'ziledi. Wolardi'n' shegaralari' ha'm referendum o'tkiziwshi okruglik komissiyalardi'n' ma'kan jayi' ko'rsetilgen dizitmler referendum o'tkiziwshi Worayli'q komissiya ta'repinen referendum tayi'nlang'annan keyin 10 ku'nnen keshiktirilmesten ja'riyalanadi'.
Referendumda dawi's beriwdi o'tkeriw ha'm dawi'slardi' esaplaw ushi'n rayonlardi'n', qalalardi'n' ha'm rayonlardag'i' qalalardi'n' aymaqlari' uchastkalarg'a bo'linedi. Uchastkalar a'skeriy bo'limlerde de du'ziledi. Sanatoriy ha'm ha'm dem ali'w u'ylerinde, emlewxana ha'm basqa da stacionarli'q emlew ma'kemelerinde, ali'sta jaylasqan ha'm bari'wi' qi'yi'n bolg'an jerlerdegi puqaralardi'n' boli'p ati'rg'an ori'nlari'nda du'ziliwi mu'mkin. Referendum o'tkiziletug'i'n uchastkalardi' du'ziw ta'rtibi ha'm normasi' «Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esine saylaw haqqi'nda»g'i' Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Ni'zami'na muwapi'q belgilenedi.

**23-statya.** Referendumda qatnasi'w huqi'qi'na iye bolg'an puqaralardi'n' dizimleri.
Referendumda qatnasi'w huqi'qi'na iye bolg'an puqaralardi'n' dizimine referendum o'tkeriletug'i'n ku'nge jasi' a'h ge tolg'an jasap ati'rg'an Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' barli'q puqaralari' kirgiziledi. Referendumda qatnasi'w huqi'qi'na iye bolg'an puqaralardi'n' dizimleri Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esine saylaw ushi'n belgilengen ta'rtipte du'ziledi ha'm ha'mme tani'si'p shi'g'i'wi' ushi'n referendum ku'ninen on ku'n aldi'n uchstkali'q komissiyani'n' jayi'nda, al sanatoriylar menen dem ali'w u'ylerinde, emlewxanalar menen basqa da stacionarli'q emlew ma'kemelerinde, ali'sta jaylasqan ha'm bari'wi' qi'yi'n bolg'an jaylarda referendumg'a eki ku'n qalg'anda ildirip qoyi'ladi'. Uchastkali'q komissiya dizimler turg'an ori'n ha'm oni'n' menen tani'si'w waqti' jo'ninde puqaralarg'a ma'lim etedi.
Ha'r bir puqara dizimge kirgizilmegenligi, naduri's kirgizilgenligi yaki dizimnen shi'g'ari'p taslag'anli'g'i' haqqi'nda, sonday-aq dizimlerdegi ani'q emeslikler haqqi'nda ari'z etiw huqi'qi'na iye. Dizimdegi ani'q emeslikler haqqi'ndag'i' arzani' referendum o'tkiziwshi uchastka komissiyasi' eki ku'nnen keshiktirmey referendum aldi'nda yamasa ku'ninde bolsa – da'rhal ko'rip shi'g'i'wi', za'ru'rli o'zgertiwlerdi kirgiziwi yamasa arza iyesine oni'n' arzasi'ni'n' natuwri' ekenligi haqqi'nda tiykarli' qarardi'n' ko'shirmesin beriwi sha'rt. Bul qarar u'stinen referendumnan kemnide u'sh ku'n aldi'n rayon (qala) sudi'na arza beriliwi mu'mkin, sud arzani' eki ku'n ishinde ko'rip shi'g'i'wi' sha'rt. Sudti'n' qarari' u'zil-kesil boli'p esaplanadi'. Referendum o'tkiziwshi uchastka komissiyasi' sudti'n' qarari'na muwapi'q dizimge da'rhal du'zetiw kirgizedi.

**24-statya.** Dawi's beriw byulleteni.
Dawi's beriw byulleteninde referendumg'a qoyi'lg'an sorawdi'n' yamasa qarar joybari'ni'n' teksti ha'm dawi's beriwshinin' o'z erkin bildiriwinin' variantlari' jazi'ladi'.
Referendumda qararlardi'n' bir neshe alternativali' joybarlari' qoyi'lg'an bolsa, onda olardi'n' barli'g'i' bir byulletenge kirgizilidi, izbe-iz nomerlenedi, bir-birinen uzi'ni'na si'zi'qlar menen aji'rati'li'p qoyi'ladi' ha'm olar boyi'nsha ayi'ri'm tu'rde dawi's beriledi.
Dawi's beriw byulletenlerinin' u'lgisi menen teksti referendumg'a keminde 30 ku'n qalg'an mu'ddetten keshiktirilmesten Worayli'q komissiya ta'repinen tasti'yi'qlanadi'.
Wokruglik komissiyalar referendumg'a deyin 15 ku'n qalg'an mu'ddetten keshiktirmesten uchastkali'q komissiyalardi' dawi's beriw byulletenleri menen ta'miyinleydi.
Referendumda dawi's beriw byulleteni ma'mleketlik tilde, sonday-aq saylaw okrugi xalqi'ni'n' ko'pshiligi qari'm-qatnas jasaytug'i'n tilde, referendum o'tkiziwshi Worayli'q komissiya belgilengen ta'rtipte ha'm oni'n' qadag'alawi' asti'nda basi'p shi'g'ari'ladi'.

**25-statya.** Dawi's beriw waqti' ha'm orni'.
Dawi's beriw referendum ku'ni jergilikli waqi't penen saat 7 den 20 g'a deyin ju'rgiziledi. Dawi's beriw waqti' ha'm orni' haqqi'nda uchastkali'q komissiya puqaralarg'a referendumg'a keminde bes ku'n qalg'anda ma'lim etedi.
A'skeriw bo'limlerde du'zilgen, sanatoriy menen dem ali's u'ylerinde, emlewxanalar menen basqa da stacionarli'q emlew ma'kemelerinde, ali'sta jaylasqan ha'm bari'wi' qi'yi'n bolg'an jaylarda uchstkali'q komissiya dizimge kirgzilgen barli'q saylawshi'lar dawi's berip bolg'an jag'dayda dawi's beriwdi qa'legen waqi'tta tamamlandi' dep ja'riyalawi' mu'mkin.

**26-statya.** Referendumda dawi's beriw ha'm dawi'slardi' esaplaw.
Referendumda dawi's beriwdi sho'lkemlestiriw ta'rtibi ha'm dawi'slardi' esaplaw «Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esine saylaw haqqi'nda»g'i' Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ni'zami'ni'n' talaplari'na muwapi'q a'melge asi'ri'ladi'.
Byulleten alg'an waqi'tta puqara dawi's beriwshilerdin' dizimdegi o'z familiyasi'ni'n' tusi'na qol qoyadi'.
Puqaralar dawi's bergende eger qarsi' dawi's berse referendumg'a kirgizilgen sorawdi'n' ani'qlamasi'n si'zadi' yamasa jaqlap dawi's bergende oni' si'zbaydi'.
Tasti'yi'qlanbag'an u'lgidegi byulletenler haqi'yqi'y emes dep tabi'ladi'. Byulletennin' haqi'yqatli'g'i'na gu'man tuwg'an jag'dayda ma'sele uchstkali'q komissiya ta'repinen dawi's beriw joli' menen sheshiledi.
Yeger dawi's beriwshilerdin' dizimine kirgizilgen puqara referendum ku'ni jsaytug'i'n orni'nda boli'w mu'mkinshiligine iye bolmasa, ol o'zinin' jasaytug'i'n orni' boyi'nsha uchstkali'q komissiyadan byulleten sorap ali'wi', dawi's beriwshilerdin' dizimine qol qoyi'wi', byulletendi tolti'ri'wi' ha'm oni' konvertke sali'p jelimlep uchstkali'q komissiyag'a taslap ketiwi mu'mkin. Mu'ddetinen buri'n dawi's beriw byulletenleri jabi'q konvertlerde referendum ku'ni dawi's tamamlang'annan keyin quti'lardi' ashi'wdan aldi'n komissiya ag'zalari'ni'n' qatnasi'wi'nda uchastkali'q komissiyani'n' basli'g'i' ta'repinen quti'g'a sali'nadi'.

**27-statya.** Dawi's beriwdin' juwmaqlari' boyi'nsha protokol.
Berilgen dawi'slardi' esaplawdi'n' juwmaqlari' uchastkali'q komissiyani'n' ma'jilisinde dodalanadi' ha'm eki nusqada du'zilgen protokolg'a kirgiziledi.
Protkollar si'ya menen yamasa sharikli ruchkalar menen tolti'ri'ladi', uchastkali'q komissiyani'n' barli'q ag'zalari' ta'repinen og'an qol qoyi'ladi' ha'm mo'r basi'li'p tasti'yi'qlanadi'. Yeger bir neshe referendumlar o'tkerilgen bolsa, olardi'n' ha'r biri boyi'nsha o'z aldi'na protokollar du'ziledi.
Protkoldi'n' birinshi nusqasi' okruglik komissiyag'a ali'p kelinedi, ekinshi nusqasi' uchastkali'q komissiyada saqlaw ushi'n qaldi'ri'ladi'.
Wokruglik komissiya uchastkali'q komissiyalardi'n' protokollari' tiykari'nda ali'ng'an mag'li'wmatlardi' uli'wmalasti'radi', olardi' tekseredi ha'm dodalang'annan keyin eki nusqada juwmaqlawshi' protokol du'zedi ha'm og'an qol qoyi'p, mo'r menen tasti'yi'qlaydi', oni'n' birinshi nusqasi' referendumni'n' orayli'q komissiyasi'na irkilmesten jiberiledi yamasa basqa usi'llar menen jiberiledi.
Referendum o'tkiziwshi okrug ha'm uchastka komissiyalari' dawi'slardi' esaplap bolg'annan keyin protokollardi'n' ko'shirmelerin, byulletenlerdi ha'm soni'n' ishinde biykar etilgen byulletenlerdi mo'rlengen jag'dayi'nda tiyisli rayon ha'm qala ha'kimine tapsi'radi', bul jerde olar eki ay dawami'nda saqlanadi', bunnan keyin olar usi' waqi't ishinde referendumni'n' na'tiyjelerine narazi'li'q bildirilmese, bul hu'jjetler joq etiledi.

**28-statya.** Referendumni'n' na'tiyjelerin ani'qlaw.
Referendum o'tkiziwshi Worayli'q komissiya referendum o'tkiziwshi barli'q okruglik komissiyalardi'n' protokollari' tiykari'nda:
referendumda qatnasi'w huqi'qi'na iye bolg'an puqaralardi'n' sani'n;
byulleten alg'an puqaralardi'n' sani'n;
dawi's beriwge qatnasqan puqaralardi'n' sani'n;
referendumg'a qoyi'lg'an qarardi'n' joybari'n jaqlap berilgen dawi'slardi'n' sni'n;
qarsi' boli'p berilgen dawi'slardi'n' sani'n;

haqi’yqi’y emes dep tabi’lg’an byulletenlerdin’ sani’n ani’qlaydi’.
Yeger referendumg’a qatnasqan puqaralardi’n’ yari’mi’nan aslami’ referendumg’a qoyi’lg’an ma’seleler boyi’nsha jaqlap pikir bildirse onda bul ma’seleler boyi’nsha qarar qabi’l etilgen dep esaplanadi’.
Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Konstituciyasi’n qabi’l etiw, og’an o’zgerisler ha’m qosi’mshalar kirgiziw ma’seleleri boyi’nsha referendum o’tkerilgen jag’dayda, eger referendumg’a qatnasi’w ushi’n dizimge kirgizilgen Qaraqalpaqstan Respublikasi’ puqaralari’ni’n’ yari’mi’nan aslami’ qararlardi’ jaqlap dawi’s berse olar qabi’l etilgen boli’p esaplanadi’.
Referendum bari’si’nda yamasa dawi’slardi’ esaplaw waqti’nda usi’ Ni’zam dawi’s beriwdin’ na’tiyjelerine ta’sir ko’rsetetug’i’n da’rejede buzi’li’wi’na jol qoyi’lg’ani’ ushi’n referendum na’tiyjeleri haqi’yqi’y emes dep tabi’li’wi’ mu’mkin. Usi’nday ni’zam buzi’li’w jag’daylari’ ani’qlang’anda referendum na’tiyjeleri u’stinen bir ay mu’ddet ishinde Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ Joqarg’i’ Sudi’na shag’i’m etiliwi mu’mkin.

**29-statya.** Referendumda qabi’l etilgen qarardi’ ja’riyalaw ha’m oni’n’ ku’shine kiriwi.
Referendum na’tiyjeleri dawi’s beriw tamamlang’annan keyin on ku’nnen keshiktirilmesten referendum o’tkiziwshi Worayli’q komissiya ta’repinen g’alaba xabar quralları’ arqali’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ xalqi’na jetkeriledi.
Qaysi’ bir okrug yamasa uchastka boyi’nsha dawi’s beriwdin’ na’tiyjeleri haqi’yqi’y emes dep tabi’lg’an jag’dayda referendum o’tkiziwshi Worayli’q komissiya referendum o’tkiziwshi tiyisli komissiyag’a eki ha’pte waqi’t ishinde usi’ okrugte yamasa uchstkada qayta dawi’s beriwdi o’tkeriwdi tapsi’ri’wi’ yamasa referendum o’tkiziwshi Worayli’q komissiya o’zinin’ qarari’ menen usi’nday okrugler, uchastkalar boyi’nsha dawi’s beriwdin’ na’tiyjelerin, eger olarsi’z-aq uli’wma alg’anda referendum boli’p o’tti dep esaplaw mu’mkin bolg’an jag’dayda, referendumni’n’ uli’wma na’tiyjelerinen shi’g’ari’p taslawi’ mu’mkin. Referendum o’tkiziwshi Worayli’q komissiyani’n’ qararlari’ u’stinen usi’ qararlar qabi’l etilgen ku’nnen baslap bir ha’pte ishinde Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ Joqarg’i’ Sudi’na shag’i’m etiliwi mu’mkin.
Referendumda qabi’l etilgen qarar referendumni’n’ na’tiyjeleri haqqi’nda ra’smiy tu’rde bildirilgen waqi’ttan baslap jeti ku’n mu’ddetten keshiktirilmey Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ Basli’g’i’ ta’repinen ja’riyalanadi’ ha’m eger referendumni’n’ qarari’nda basqa mu’ddet na’zerde tuti’lg’an bolmasa, ja’riyalang’annan baslap ku’shine kiredi.

*Ko'rip shi'g'i'ldi':*

Izlew

- ⌂
- 品
- ✉

Vazirlar Kengashi Statistik va tahliliy ma'lumotlar Vazirliklar va idoralar Shahar va tuman hokimliklari Hujjatlar Respublika mehmonlariga Elektron hukumat Interaktiv davlat xizmatlar